

# **Vizyon pou transfòme ak kreye konfyans nan lekòl leta Vil Nouyòk**

**Chanselye David C. Banks, 2 mas 2022**

## **Entwodiksyon**

Bonjou! Mwen remèsye tout moun ki vin patisipe avèk mwen jodi a nan Tweed anpèsòn ak adistans pou difizyon andirèk nou an.

Jis pase de mwa apre mwen te vin Chanselye, mwen panse se yon bon moman pou pataje avèk nou tout plis detay sou vizyon mwen pou lekòl leta Vil Nouyòk yo ak sou fason nou pral reyalize vizyon sa a ansanm. Mwen vle fè nou konnen kòman mwen rekonesan tou pou sa nou deja akonpli nan yon ti peryòd tan tou kout.

Premyèman, Majistra Adams ak mwen pa ka di ki jan nou fyè de elèv, fanmi, pwofesè, ak estaf nou yo pou jan yo kanpe devan viris Omicron an. Avèk Depatman Polis Vil la, Gouvènè Kathy Hochul, Prezidan UFT Michael Mulgrew, Prezidan CSA Mark Cannizzaro, Direktè Egzekitif Konsèy Distri 37 Henry Garrido, Prezidan lokal 237 Greg Floyd, Prezidan 891 Robert Troller, ak anpil lòt patnè, plan Rete an sekirite, Rete ouvri nou an reyisi nan diminye pousantaj ka COVID soti nan 16% nan kòmansman mwa janvyè a pou rive pi ba pase 1% depi kòmansman an nan mwa fevriye a.

Li te enpòtan anpil pou vil sa a pou nou te kenbe pòt nou ouvri, paske retounen lekòl se te yon gwo etap nan direksyon pou nou retounen nan nòminal. Lekòl leta nou yo esansyèl nan estrikti ak ekonomi Vil Nouyòk. Fanmi nou yo depann sou lekòl nou yo pou yo ka fè pwòp travay yo pandan yo konnen pitit yo nan yon anvwonman ki bay sipò kote y ap pouse yo sou plan akademik ak kote yo atann pou yo bay bon rannman chak grenn jou.

Epi Rete an sekirite, Rete ouvri te travay! Nan jou 3 janvyè a, jou mwen te pran fonksyon, to prezans nou te 65%. Nan jounen yè a, li te 89%.

Pandan plizyè mwa ki te parèt byen long yo lè pandemi an te fòse bilding lekòl nou yo fèmen, timoun nou yo te souffri. Retire woutin pou ale lekòl, rate yon ti mo ankourajman nan men yon pwofesè, pran manje midi avèk zanmi — tout bagay nòminal sa yo ke nou te konn pran pou gremesi — pa gen okenn dout ke sa afekte mantal ak byennèt fizik elèv nou yo yon fason negatif. Donk, anpil nan jèn nou yo, patikilyèman elèv LGBTQ+ nou yo, te ka ap viv nan kay kote yo pa lib pou yo eksprime pwòp tèt yo, petèt menm pou yo santi yo an sekirite vrèman. Ekip nou an pral travay kole kole avèk Depatman Sante ak Ijyèn Mantal ak nouvo komisè Dr Ashwin Vasani pou aplike estrateji tou nèt, global pou sipòte byennèt mantal ak emosyonèl elèv yo.

Epi pandan n ap ede elèv nou yo ak estaf nou yo retabli, n ap pouse pi devan pou retounen nan yon nouvo nòm. Kounye a, elèv nou yo ak estaf nou yo retounen, plis elèv ap kapab fè konpetisyon nan PSAL, enèji nan salklas ak koulwa nou yo retounen, pa gen mask nan lakou rekreyasyon -- epi nou espere nan salklas yo tou nan semèn kap vini an! Ann bay yon aplodisman pou tout moun ki fè sa rive!

Se pou nou klè: Covid byen lwen pou l ta sèl pwoblèm lekòl nou yo ap rankontre. Lekòl nou yo te pèdi plis pase 120,000 elèv nan senk ane ki sot pase yo — yon tandans ki te kòmanse avan pandemi an epi ki vin akselere depi pandemi an. Fanmi nou yo ap fè yo tandè vwa yo nan fason sa a, epi nou bezwen pou reyaji yon fason agresif kounye a menm. Yon pati nan rebati konfyans se pou nou onèt konsènan difikilte n ap rankontre yo:

- Pa gen ase nan elèv nou yo ki gradye pare pou kolèj oswa yon karyè;
- Yon gwo kantite nan lekòl nou yo kontinye gen pwoblèm sekirite;
- Twòp nan lekòl nou yo pa bay ase rigè akademik ak opòtinite pou aprantisaj akselere;
- Epi yon kantite inakseptab nan elèv nou yo pa aprann kijan pou li rive nan klas twazyèm ane; pami lòt bagay

Nou dwe fè fas avèk verite difisil ke yon sistèm ki depanse \$38 milya dola pa ane kite an mwayèn de tyè nan elèv Nwa ak Latinx yo echwe nan Matematik ak Konpozisyon Lang Anglè.

Pou lekòl nou yo respekte pwomès orijinal yo pou sèvi kòm motè Rèv ameriken an pou tout elèv nou yo ak fanmi yo, nou pral bezwen fè bagay yo yon fason diferan nan fason k ap kreye konfyans yon gwo etap alafwa.

Lekòl nou yo bezwen konekte elèv nou yo ak mond reyèl la ak sa ki enpòtan pou yo. Nou bezwen bay eksperyans akademik ki gen sans, ki an sekirite, ki amizan epi ki enteresan. Lekòl nou yo bezwen prepare elèv nou yo pou yo briye nan ekonomi nou an lè yo soti lekòl. Epi mwen vle di *tout* elèv, kèlkeswa lang fanmi yo pale lakay yo ak kèlkeswa bezwen espesyal yo oswa lòt sikonstans difisil yo ta ka genyen.

Chak paran vle bagay ki pi bon an pou pitit li.

Men, sa pa rive pou twòp nan elèv nou yo, sitou elèv ki pa blan ki wè lekòl kòm chemen ki mennen nan pwosperite ekonomik. Donk, jodi a, Majistra Adams ak

mwen angaje nou toutbon pou transfòmè sistèm nou an pou tout ak chak grenn nan elèv nou yo gradye avèk yon chemen ki trase pou yon karyè ki rantab, sekirite ekonomik alontèm, ak avèk zouti pou yo vin yon fòs pozitif pou chanjman.

### **Kijan nou pral reyalize vizyon sa a**

Plis pase twa deseni nan konvèsasyon avèk fanmi, edikatè parèy mwen, ak elèv, te fòme sa mwen rele kat poto mwen yo pou amelyore ak kreye konfyans avèk fanmi nou yo:

*Ann kòmanse avèk poto nimewo 1, ki se re-imaginer eksperyans elèv la.*

Dènyèmman, mwen te vizite Riker's Island epi mwen te angaje nan konvèsasyon avèk jèn gason ak jèn fanm ki t ap resevwa fòmasyon OSHA epi aprann metye chapant, epi yo te trè konsantre, epi klèman kontan anpil sou sa yo t ap fè a. Lè mwen te poze yo kesyon sou eksperyans yo te gen nan lekòl, yo tout te reponn bagay negatif. Men, yo te byen angaje kounye a, pa paske yo te nan prizon men paske sa yo t ap fè a te gen sans ak enpòtan pou yo. Yo te wè yon avni pou tèt yo. Gen yon jèn gason ki leve men l epi li di: "Si m t ap fè sa lè m te lekòl, m t ap ale lekòl chak jou."

Lè m ap pale sou re-imaginer eksperyans lekòl pou sa enpòtan pou elèv nou yo ak fè yo gen antouzyas pou vini lekòl, se sa mwen vle di. Poukisa nou pa bay kalite eksperyans kote timoun yo pa ka tann pou leve nan maten pou ale lekòl?

Yon bagay ki santral nan re-imaginerasyon aprantisaj nou an se yon nouvo seri angajman pou elèv ak fanmi n ap rele Inisyativ pou mennen nan karyè (Career Pathways Initiative) nou an. Inisyativ sa a ap kreye aprantisaj ak chemen ki konekte avèk karyè pou tout elèv nou yo, pou ede aktive pasyon yo ak sans objektif yo.

An patenarya avèk edikatè, sendika, lidè gouvènman eta a, lidè kominotè ak biznis, nou vle asire ke tout elèv gradye avèk yon plan solid ak yon kòmansman sou yon chemen pou klas mwayèn lan.

Apati sezon otòn sa a, nou pral mete baz pou rive la. Sa gen ladan modèl pilòt ki tabli nouvo chemen karyè – ladan kredi bonè pou kolèj, kreye enfrastruktir nan tout sistèm lan pou sipòte travay sa a – ladan nouvo Sant STEAM ak ogmante salklas ki konsantre sou karyè – ak fòme pwofesè ak lidè lekòl nou yo pou sipòte elèv nan devlope pasyon ak plan yo. Nou pral ede jèn yo wè tèt yo nan bon travay ak karyè yo pa t janm tande pale de yo, paske "ou pa ka sa ou pa ka wè."

Anplis, Vil Nouyòk se kapital finansye mond lan. Kòm edikatè, nou bezwen bay edikasyon finansye pèsonèl priyorite, pou elèv nou yo gradye avèk konesans nan finans ak kapasite pou pran desizyon finansye solid.

Re-imagjine aprantisaj konekte tou avèk objektif nou pou gradye elèv ki ekipe pou yo vin fòs pozitif pou chanjman nan kominote nou yo ak nan vil nou an. Kèk nan lekòl nou yo deja fè yon kokenn travay pou nourri yon gouvènman elèv ki trè aktif ak lòt efò pou angaje elèv nan aktivite sivik yon fason ki benefisye lekòl ak kominote ki antoure yo. Pa egzanp, Brooklyn Occupational Training Center, yon Lekòl Distri 75, ap kontinye fè inovasyon nan angaje elèv ki gen yon seri bezwen aprantisaj nan yon bon kalite edikasyon sivik. Pwofesè Matt Gorin te adapte resous Bidjetizasyon Patisipatif (Participatory Budgeting) pou angaje elèv yo grasa katografi an gwo sèk nan kafeterya a, ki pèmèt elèv vèbal ak non vèbal pou reprezante ide yo grafikman epi angaje yo nan diskisyon, deba, epi montre sipò youn pou lòt.

Travay sivik sa a enpòtan anpil paske li esansyèl nan demokrasi nou an pou nourri sitwayen angaje. Gen kèk nan nou ki ka sonje ti seri ki te konn nan Tonight Show avèk Jay Leno kote li ta mache nan Hollywood Boulevard nan Los Angeles epi poze moun kesyon ki pi fondamantal sou evènman aktyèl oswa ki jan gouvènman an ap travay. Moun ki gen diplòm lekòl segondè ta ba li repons ki pi komik, men an menm tan li pa t komik ditou. Li pa bon pou demokrasi nou an ke anpil Ameriken pa vote oswa pa konnen anyen sou gouvènman. Lekol leta sipoze produi jèn ki angaje sivikman pou yo kapab patisipe nan demokrasi nou an yon fason efektif.

Jodi a nou gen yon kantite ofisyèl yo eli nan piblik la, epi nou vle chak elèv konprann sa ou fè. Mwen vle pou jèn yo gradye nan lekòl nou yo avèk antouzyas pou patisipasyon sivik, pre-anrejistre pou vote, epi pare pou premye eleksyon yo. Li pa ase pou di timoun yo ke yo kapab tounen lidè. Nou dwe ba yo opòtinite pou yo pratike pou yo konprann poukisa vote enpòtan ak kòman sa gen enpak sou lavi yo.

Mwen kontan dèske nou gen nouvo **Chief of Student Pathways, Jade Grieve**, ki pral dirije travay sa a. Atann ou pou tande plis nan men ekip nou an nan mwa k ap vini yo sou fason nou pral fè pwojè sa a yon reyalite.

Pou nou ka lanse tout timoun nou yo sou yon chemen kote yo angaje pwofondeman nan tan yo rive nan lekòl segondè, pa gen anyen ki pi enpòtan pase bay yo sipò depi nan kòmansman lavi yo pou yo vin bonjan lektè. Nou tout ki

travay nan Tweed san dout rekonèt mesye ki kanpe devan an lè ou rive nan maten, kèlkeswa move tan an, ki kenbe siy sa a. Epi li gen rezon absoliman! Mesye a rele Bill, epi li te yon pwofesè nan Ohio pou plis pase 20 ane.

Mèsi, Bill, pou rapèl ou fè nou chak jou sou enpòtans **literacy** nan tout lòt bagay nou fè. Lè nou pale sou ekite ak dispwopòsyon nan aprantisaj, twou vid ki genyen nan kapasite pou elèv konn li vin an premye ak nan mitan epi yo konekte avèk difikilte n ap rankontre avèk elèv nou yo ki gen andikap ak elèv k ap aprann nan plizyè lang. Sa se pi gwo pwoblèm ekite nou konfwonte epi nou pral abòde li nan fason ke mwen espere k ap pèmèt Bill sispann oblije kenbe siy li an.

Apwòch nou an nan ansèyman lekti a pa pote rezilta nou bezwen yo. Donk, nou pral asire nou chak elèv nou yo ap resevwa ansèyman literacy solid, ki baze sou fonik depi nan kòmansman an. Nou pral ranfòse tou zouti depistaj inivèsèl ki idantifye risk pou dislekski pou adapte repons ki pi efikas nan laj ki pi bonè posib. Sa pral gen ladan adopte apwòch ki pwouve yo efikas nan Windward School, yon lekòl endepandan Vil Nouyòk ki itilize apwòch multi-sansoryèl pou korije dislekski ak lòt pwoblèm ki gen rapò avèk li. Plan nou an pral gen ladan tou sipò pou pwofesè ak fòmasyon kapasite pou yo kapab aplike estrateji efikas pou sipòte elèv ki gen dislekski.

Nou pral krewe tou yon Konsèy Konsiltatif sou Literacy (Advisory Council on Literacy), ki pral genyen kèk nan pwofesè nou yo ki fè plis siksè nou yo pou asire n ap fè tout sa nou kapab pou tout elèv nou yo vin lektè ki kapab. Atravè literacy ak nan tout matyè nou yo, nou pral gen yon kourikoulòm ki konsidere kilti, ki enpòtan pou tout elèv nou yo, kote yo ka wè tèt yo reflète nan sa k ap di a. Kòm Frederick Douglass te di, "Depi w aprann li, w ap lib pou tout tan."

Nou pral ranfòse tou edikasyon timoun piti, pa sèlman nan 3-K ak Pre-K, men kòmansman nan nesans. Si nou vle elèv nou yo vin lektè ki kapab, donk nou dwe bay timoun piti yo sipò lang ak literacy enpòtan depi nan kòmansman. Aprantisaj pa kòmansman nan laj 4 an. An reyalite, twa premye ane yon timoun pa sèlman pi enpòtan pou kwasans ak devlopman l, men tou premye twa ane yon timoun gen yon enpak pwofon sou aprantisaj yo alavni ak sou sante ak byennèt yo pandan tout lavi yo. Sa enpòtan patikilyèman pou paran k ap travay ki konte sou nou pou gen bon jan kalite swen ak edikasyon pou pitit yo. Plis detay gen pou vini sou etap n ap pran yo, men nou rekonèt founisè CBO nou yo se yon poto inestimab nan kominote timoun piti nan Vil Nouyòk epi n ap asire ke yo—ak tout salklas lekòl leta pou timoun piti—jwenn sipò ak ranfò totalman nan sèvis y ap bay pi piti

timoun nou yo ak fanmi yo. Travay sa a pral fèt anba lidèchip **Chanselye Adjwen pou Edikasyon Debitan Doktè Kara Ahmed**.

Yon lòt eleman enpòtan nan eksperyans re-imagjine a se **aprantisaj vityèl**. Nan mwa mas 2020, tout edikatè nou yo te vin edikatè dijital dijou-o-landmen, kit yo te pare pou sa ki t yo pat pare. Leson difisil yo aprann nan de ane ki sot pase yo pa ka rete dèyè pandan n ap sòti nan pandemi sa a. Aprantisaj vityèl la pou rete epi li gen potansyèl pou l ouvri pòt salklas nou an pou kite mond lan antre.

Donk, nan semèn kap vini yo, nou pral lanse yon Komite Konsiltatif Aprantisaj Dijital ki gen edikatè, administratè, fanmi, ak elèv pou eksplòre fason nou ka entegre teknoloji nan eksperyans aprantisaj la yon fason pi efikas. Sa pral gen ladan fè modèl pilòt kou vityèl kote elèv yo aprann nan men pwofesè ki resevwa fòmasyon ak ki ekipe pou bay pi bon kalite aprantisaj dijital.

Komite konsiltatif la pral eksplòre tou kijan nou ka bay pwofesè nou yo fòmasyon ak resous yo bezwen pou enkòpore aprantisaj melanje nan pratik chak jou yo. Nou ap tann pou ranfòse travay nou t ap fè avèk UFT sou pwoblèm enpòtan sa yo.

Alavni, nou ta dwe toujou kapab bay aprantisaj adistans bon jan kalite, an tan reyèl chak fwa nou bezwen. Anplis, nou ta dwe itilize sa nou te aprann de ane ki sot pase yo pou bay bon opsyon atravè vil la; kèk nan elèv nou yo prefere aprantisaj vityèl; kèk bezwen travay pandan jounen an; gen kèk ki dekouraje epi yo ta retounen lekòl si yo ta ka pran kèk klas anpèsòn ak kèk sou entènèt. Nou pral kreye opsyon sa yo pou elèv ki bezwen yo oswa ki vle yo.

Ak an rapò avèk sa - nou bezwen repanse kijan elèv nou yo demontre yo metrize kontni kou yo. Nou bezwen reflechi pi lwen pase tès estanda pou elèv yo gen fleksibilite pou yo pwogrese atravè materyèl nan yon vitès ki adapte ak bezwen yo epi pou lekòl yo gen espas pou yo aplike nouvo ide yo pa itilize nòmman pou ansèyman ak aprantisaj.

*Donk, se te poto nimewo en sou re-imagjine aprantisaj. Poto 2 konsantre sou mezire, kenbe, ak restore sa ki mache.*

Sa vle di idantifye bonjan pratik atravè sistèm nou an epi pataje yo pou yo vin modèl lòt lekòl ka eseye imite. Nou gen anpil egzanp fòmèl pou kenbe:

**University Heights High School nan South Bronx** ofri yon pwogram STEM aprantisaj ki baze sou eksperyans, ki baze sou pwojè. Elèv nan lekòl la prezante eksperyans orijinal syans oswa jeni pou gradyasyon epi yo gen yon ekip robotik ki

pran prim. Lekòl la ofri yon varyete kou matematik ak syans avanse, tankou nan nivo kolèj, ak estaj ki gen rapò avèk yo.

**Bronx International High School** sèvi imigran ki fèk rive nan Bronx ki fèk ap aprann lang Anglè. Pwogram yo fèt pou elèv yo ka gradye ak sètifikasyon CTE nan domèn tankou Jeni Konstriksyon, Konsèvasyon Istorik, ak Web Design. Li devlope tou yon pwogram Agrikilti Iben solid.

Donk, anba lidèchip **Chanselye Adjwen pou Ansèyman ak Opòtinite Aprantisaj Carlyne Quintana**, n ap ranfòse ide ekselan Showcase Schools and Learning Partners ke ansyen Chanselye Carmen Farina te lanse. Nou pral bati yon sistèm konesans pataje dènnye modèl pou chak lidè ak edikatè ka jwenn pi bon pratik nan nenpòt domèn yon elèv bezwen lè yo jis pran telefòn yo epi chèche. Y ap jwenn zouti, videyo, ak gid kòman pou yo ka mete pratik sa yo an plas pou tout lekòl ka benefisye.

Efò sa a se sèlman pou pèmèt direktè inovatè nou yo nan lekòl k ap briye —ladan lekòl charter— pou elaji pratik yo pi lwen pase pwòp bilding yo. An menm tan, li pral sipòte direktè lekòl ki gendwa gen difikilte nan ba yo aksè nan apwòch ki pwomèt.

Nou vle bati yon kilti ki ankouraje lekòl pou pataje pi bon pratik yo. Nou vle selebre epi onore pwofesè ak lidè sa yo pou chak lekòl nan Vil Nouyòk ka wè sa y ap fè. Twò souvan, nou kritike lekòl ki gen difikilte epi nou konseye yo pou yo vin pi bon, men nou pa fè ase bon travay pou montre yo kijan pou yo vin pi bon. Pou twò lontan nou te gen yon sistèm gayan ak pèdan. Lè lekòl pèdi, timoun pèdi, fanmi pèdi, kominote pèdi, epi vil nou an pèdi. Mwen vle pou tout moun genyen!

Se poutèt sa tou anfenkont, ta dwe gen opòtinite pou aprantisaj akselere nan chak lekòl. Bonjan kalite pwogram pou timoun douwe bay elèv opòtinite pou yo akselere aprantisaj ak briye, se sa chak paran vle pou pitit yo. Donk, nou pral etann pwogram sa yo nan tout vil la.

*Poto 3 a ap bay byennèt ak lyen li genyen nan siksè elèv priyorite. Sa gen ladan lekòl ki an sekirite, aksè nan espas vèt, bon jan kalite nitrisyon, ak sipò konplè pou tout timoun pou yon seri bezwen chak elèv genyen.*

Elèv ki santi yo an sante, an sekirite, byen nourri ak ki jwenn ankourajman entelektyèl konsantre ak angaje pi byen nan travay akademik yo. Kreye sans byennèt sa a pou elèv nou yo anlimenm egzijan epi li mande anpil swen ak efò

menm jan an tou bò kote pa nou ke ansèyman matyè debaz yo. Men kèk egzanp sou sa nou pral fè pou bay byennèt priyorite:

- N ap travay avèk Biwo Majistra a pou ogmante kantite Ajan Sekirite Lekòl yo, ladan yon nouvo klas SSA ki pral gradye nan semèn k ap vini yo. Kòm yon ansyen SSA mwen menm, mwen konnen ki jan SSA yo ka yon pati entegral nan yon kominote lekòl. Menm jan an tou li enpòtan, nou pral angaje mesaje ak konseye kredib an kolaborasyon avèk òganizasyon ki baze nan kominote a pou ede kenbe lekòl nou yo an sekirite. Ogmante fòmasyon nan rezolisyon konfli ak jistis reparasyon se yon pati enpòtan nan sa. Men, nou bezwen tou kenbe timoun nou yo responsab sou sa nou atann nan men yo konsènan konpòtman yo nan lekòl. Epi lè w fè aprantisaj enteresan ki fè sans anlimenm, sa tou amelyore fason elèv yo kondui tèt yo.
- Kolabore ak patnè ki baze nan kominote a pou sipòte sekirite lekòl, sante mantal, prezans, ak ranfòsman. Avèk pèt ak doulè pandemi an koze, nou bezwen konsidere bezwen sante mantal elèv yo pandan n ap asire ke yo ale lekòl regilyèman epi yo resevwa ranfòsman anplis.
- Pwolonje aprantisaj pi lwen pase kat miray salklas la pou nourri lespri timoun nou yo ak vizit nan mize, pak, ak aktivite anplennè. Yon etid resan te jwenn ke elèv ki te fè sis pwomnad pandan dezan nan sant kiltirèl montre pi gwo pwogrè akademik konpare yo avèk yon gwoup kontwòl ki pa t fè vizit sa yo. Nou bezwen pran anpil avantaj sou anvivonman kiltirèl rich ki antoure nou an nan vil remakab nou an. Sa gen ladan tout tip art: mizik, teyat, dans, penti, eskilti—*tout bagay*. Donk, ou pral wè plis pwomnad ak plis patenarya avèk enstitisyon kiltirèl. Sa enpòtan anpil kounye a pandan n ap soti nan pandemi an - youn nan fason ki pi efikas pou ede timoun yo refè sou plan emosyonèl ak akademik se atravè art. Pase tan pou penn yon foto oswa mache nan yon pak se yon eksperyans gerizon timoun nou yo pa jwenn ase.
- Nou pral ogmante kapasite lekòl nou yo pou bay bon jan kalite pratik plen atensyon, ki gen ladan yoga ak meditasyon, ki pwouve dapre rechèch syantifik, ki baze sou prèv, ak ki konsidere kilti.

Anba lidèchip **Doktè Jawana Johnson, Direktris anchèf Kilti lekòl, Klima ak Byennèt**, travay sa a pral tounen yon pati enpòtan nan apwòch sistèm nou an pou sipòte elèv ak fanmi yo.



*Finalman, poto 4 ap angaje fanmi pou yo vin vrè patnè nou, ki anlimenm se yon chemen puisan pou kreye konfyans.*

Nou pral asire pou nou an kominikasyon sere avèk fanmi nou yo, fè ekspètiz yo resòti pou pèmèt nou tout edike ak sipòte timoun nou yo yon fason pi efikas. Rechèch montre ke nan tout faktè ki detèmine rezilta pozitif elèv, angajman fanmi an nan tèt lis la.

Paran yo konnen pitit yo. Nou konnen lè ekspètiz nou an kòm edikatè lekòl rankontre avèk enfliyans fanmi, bon bagay rive: timoun yo reyisi pa sèlman sou plan akademik, men tou sou plan fizik, emosyonèl, ak sosyal. Nou pral angaje avèk fanmi nan kreyasyon règleman ak aplikasyon pwosedi nan tout nivo. Mwen pa vle kreye règleman kote fanmi yo pa fè pati pwosesis la.

Depatman Fanmi ak Kapasite Kominote nou an pral sipòte tou sipèntandan, lidè lekòl, ak lòt estaf lekòl avèk devlopman pwofesyonèl pou jwenn fason pou yo entegre vwa fanmi yon fason pèmanan nan kominote lekòl patikilye yo. Sa gen ladan sipò estrikti gouvènans tankou Asosyasyon Paran, PTA, Ekip Lidèchip Lekòl, ak Konsèy Vil la pou yo ka bay rekòmandasyon sou règleman ki travay pou lekòl nou yo ak sistèm lan an jeneral. Sa vle di tou ajiste ak mete ajou sitwèb DOE nou an pou rann li pi bon pou fanmi. Mwen kontan anpil pou wè travay sa a dewoule anba lidèchip **Chanselye Adjwen pou Angajman Fanmi ak Kominote ak Afè Ekstèn Kenita Lloyd**.

Pou nou ranfòse tout kat poto yo, ak chak aspè nan sa n ap fè, nou bezwen fè Depatman Edikasyon Vil Nouyòk pran plis aksyon ak pi efikas, epi pi reflete valè n ap travay pou yo chak jou a; divèsite, ekite ak enklizyon. Nou pral fè sa atravè Biwo DEI nou fèk fòme a, ke Direktris Anchèf Divèsite Karine Apollon ap dirije, ak atravè yon reevalyasyon sou fason ekip biwo santral nou yo fonksyone. Nan anons nominasyon mwen kòm Chanselye, mwen te kreye kèk malèz nan biwo santral nou yo lè mwen te di si ou pa t kapab demontre ki jan travay ou fè yon diferans pou elèv nou yo oswa fanmi yo, donk djòb la pa ta dwe egziste. Kite m klarifye: nou pral reòganize biwo santral nou yo pou asire ke n ap itilize chak pyès lajan kontribyab yo yon fason pwodiktif pandan n ap asire ke nou tout, ladan mwenmenm, ap travay nan sèvis lekòl yo ak moun ki travay dirèkteman avèk elèv nou yo ak fanmi yo.

Entansyon mwen se pouse resous yo pi pre lekòl nou yo. Sa gen ladan asire nou sipèentandan nou yo se moun ki apwopriye pou gwo travay dirije distri lekòl kominotè yo ak lekòl segondè yo, epi bay plis resous bay moun apwopriye yo lè yo anplas.

M ap anonse fòmèlman kounye a ke nou pral elimine pozisyon sipèentandan egzekutif la paske li ajoute yon nivo biwokrasi san l pa ajoute ase valè pou lekòl ak elèv.

Epi nou te mande chak sipèentandan pou yo reaplike pou travay yo pou nou ka evalye si yo se meyè moun lan pou sipòte lekòl ak lidè lekòl inovatè, ansanm avèk nouvo angajman nou yo ki gen rapò avèk sekirite ekonomik alontèm. Nou pral angaje nan yon pwosesis ki enplike kominote a, ki ankouraje lidè lekòl ki soti toupatou nan vil la pou aplike. Anplis, nou pral kreye yon divizyon lekòl segondè reyèl ki gen yon sistèm sipò ki pa egziste kounye a.

Epi finalman, yon bagay mwen konnen sètenman, se ke pi gwo opòtinite nou genyen pou kreye chanjman dramatik nan lekòl nou yo se sipòte travay lidè bonjan lekòl yo totalman. Kòm yon ansyen direktè nan de lekòl diferan pandan 11 ane, mwen ka konfime se yon reyalite ke pi fò nan bagay inovatè direktè lekòl yo akonpli, yo fè yo malgre DOE, pa akòz DOE. Lidè inovatè sa yo se yo ki vrèman kenbe kle pou transfòmasyon sistèm nou an. Donk nou pral bati yon sistèm ki bay bonjan lidè yo yon nivo otonomi ki pèmèt yo fè inovasyon tout bon vre ak pou yo pa pèdi wout yo avèk biwokrasi tradisyonèl la.

Premye Chanselye Adjwen nou an Daniel Weisberg ak Chanselye Adjwen Lidèchip Lekòl Desmond Blackburn pral travay kole kole avèk mwen nan efò sa yo.

## **Konklizyon**

Sa a se vizyon ak seri objektif pou sèvi elèv ak fanmi Nouyòk ke Majistra Adams ak mwen pran angajman pou yo. Men, kite m trè klè, sa a se kòmansman pwosesis la, pa fen li. Kounye a, mwenmenm ak ekip mwen pral angaje avèk elèv, fanmi, edikatè, sendika nou yo, lidè kominote ak lidè yo eli yo pou chita pale sou fason nou pral transfòme edikasyon nan vil nou an. Pwosesis sa a se pa yon bagay k ap fèt yon sèl fwa epi w fini. Angajman an pral kontinyèl, paske tande moun ki konsène nan kominote a se pa sèlman pi bon fason an, men se SÈL fason nou pral gen amelyorasyon *k ap kenbe*.

Mwen konnen vizyon sa a Majistra Adams ak mwen pataje a gen anpil odas ak anbisyon, men si n ap fè ti etap pa etap, sa pa pral transfòme fondamantalman fason fanmi nou yo santi yo konsènan lekòl nou yo. Nou deja gen yon kòmansman solid gras avèk Rete an sekirite, Rete ouvri a, epi nou pral kontinye ranfòse pwogrè nou fè byen bonè sa a pou renouvle konfyans.

Finalman, menm jan nenpòt bon pwofesè ta fè, pèmèt mwen rezime pwen enpòtan yo nan sa nou pral travay sou yo ansanm pou fè sa rive:

1. Rasyonnalize òganizasyon nou an epi konsantre tout moun sou sipòte lekòl yo.
2. Devlope bon jan kalite swen ak edikasyon pou timoun depi nesans jiska laj senk an.
3. Sèvi avèk ansèyman literacy ki baze sou fonik pou chak elèv nou yo kapab li nan klas twazyèm ane.
4. Adopte nouvo metòd tè depistaj pou idantifye dislekski ak lòt kondisyon nan yon laj byen bonè pou nou ka pote koreksyon yon fason pi efikas.
5. Krete nouvo kolaborasyon ki pi pwofon avèk patnè nan sektè prive ak sektè ki pa la pou fè pwofi avèk objektif prensipal pou asire sekirite ekonomik alontèm pou chak elèv pandan y ap pran angajman pou chak elèv kite lekòl segondè avèk yon diplòm AK yon chemen ki trase pou jwenn yon bon travay ak karyè.
6. Sèvi avèk teknoloji pou fasilite kapasite lekòl nou yo pou pataje meyè pratik ak aprann youn nan men lòt.
7. Ranfòse inisyativ ki gen siksè pou sipòte bezwen sosyal ak emosyonèl elèv nou yo ak fanmi yo apre dezan pandemi twomatik sa a.

Tande, nou bezwen fè fanmi nou yo retounen, avèk ijans. An patenarya avèk yo, tout sa mwen te pale sou yo jodi a pral ede bati engredyan esansyèl konfyans sa a.

Epi sa gen ladan konfyans youn nan lòt. Youn nan moun ki travay isit la te di m lòt jou li santi yon nouvo sans espwa nan bilding sa a ak pami fanmi li te pale avèk yo. Nou deja kòmanse chanje kilti nou an nan fason pozitif, epi nou fèk kòmanse! Donk, an nou travay!